


# IMIGRAN, ASISTANS SOSYAL LA SE DWA W TOU




APRANN KÒMAN  
POU JWENN ASE A  
PROGRAM SOSYAL,  
SEVIS AK BENEFIS YO


## NAN BREZIL, IMIGRAN YO TOU GEN DWA A YON TRAVAY DESAN

### POUTÈT SA, RETE ATANTIF SI OU PASE PA KÈK NAN SITIYASYON SA YO:


 Travay pandan 12, 14 jiska 16 èdtan nan yon jounen, san yon repo regilye.


 Dwe patwon an yon dèt pou manje, lojman oswa ekipman travay.

 Pa resevwa salè.


 Anpeche, pa patwon an, pou kite espas travay la lè ou vle.

 Soufri menas depòtasyon.

 Gen salè ou oswa dokiman nan men paton an.

 Soufri vyolans fizik ak lòt move tretman.

 Viv nan lojman delika ak malsen.

 Pa aksepte kondisyon sa a!  
Sa a kapab yon sitiyasyon eksplwatasyon grav!

### KONNEN KI KOTE POU MANDE ÈD:

- CRAS/CREAS ki pi prè a
- Ministè Ekonomi  
[ipe.sit.trabalho.gov.br](http://ipe.sit.trabalho.gov.br)
- Ministè Piblik Travay  
[bit.ly/denuncia-trabalhoescravo](http://bit.ly/denuncia-trabalhoescravo)
- Biwo Defansè Piblik Inyon an  
[dpu.def.br/contatos-dpu](http://dpu.def.br/contatos-dpu)
- Rele 100 oswa telechaje aplikasyon Dwa Moun BR la

## Ki lòt kote mwen ka jwenn sipo nan São Paulo?

Gen lot antite ki ofri akèy ak resepsyon a imigran yo. Sevis yo enkli oryantasyon sou regularizasyon migratwa, aksè a edikasyon (ki gen ladan kou Potigè), kalifikasyon pwofesyonel ak opòtinite jerasyon travay, sèvis jiridik ak sikolojik, ak rekòmandasyon nan sèvis piblik nan edikasyon, sante, kilti, travay, lojman, elatriye.

**CRAI** (*Centro de Referência e Atendimento para Imigrantes/Sant Referans ak Akèy pou Imigran*) - Sevis Mèri a

Adres: Rua Major Diogo, n.º 834 - Bela Vista - CEP 01324-000  
Orè fonksyònman: de Lendi a Jedi, de 8:00 am a 6:00 pm  
Sèvis sou randevou:  
• Telefòn: +55 (11) 2361-3780 / + 55 (11) 2361-5069  
• WhatsApp: +55 11 98555-0218  
• E-mail: [crai@sefras.org.br](mailto:crai@sefras.org.br)

**CAMI** (*Centro de Apoio e Pastoral do Migrante/Sant Sipo ak Pastotal Migran*)

Adres: Alameda Nothmann, n.º 485 - Campos Eliseos CEP 01216-000  
Orè fonksyònman: de Lendi a Jedi, de 9:00 am a 5:00 pm  
Telefòn: (11) 3333-0847  
E-mail: [contato@cami.org.br](mailto:contato@cami.org.br)

### CDHIC

(*Centro de Direitos Humanos e Cidadania do Imigrante/Sant Dwa moun ak Sitwayènte Imigran an São Paulo*)

Adres: Rua Luís Ferreira, n.º 142 - Tatuapé - CEP 03072-020  
Orè fonksyònman: de Lendi a Jedi, de 9:30 am a 4:30 pm  
Sèvis sou randevou:  
• Regularizasyon migratwa: (11) 94171-3994  
• Sèvis Sosyal: (11) 94337-6370  
• Konsey Legal: (11) 93290-1707  
• E-mail: [contato@cdhic.org](mailto:contato@cdhic.org)

**Missão Paz** (*Missão Paz/Misyon Lapè*)

Adres: Rua fe Glicério, n.º 225 - Liberdade - CEP 01514-000  
Orè fonksyònman: de Lendi a Vandredi, 9:00 am a 12:00 pm e de 1:00 pm 5:00 pm  
Telefòn: (11) 3340-6950  
E-mail: [contato@missaospaz.org](mailto:contato@missaospaz.org)

**Cáritas** (Karitas)

Adres: Rua José Bonifácio, n.º 107 - Sé - CEP 01003-001  
Sèvis sèlman pa telefòn: (11) 97630-8023

4. Pandan pandemi a, orè fonksyònman yo se soti 9 am pou rive 1è pm.  
5. Pandan pandemi an, sèvis yo bay a distans. Si sa nesèsè, li kapab fè an pèsòn sou randevou alavans.

Pou aprann plis sou travay desan ak pwomosyon dwa migran yo, swiv pwogram #EscravoNemPensar sou entènèt.

### Fich Teknik

Tèks: Rodrigo Teruel  
Rechèch: Rodrigo Teruel ak Thiago Casteli  
Edisyon: Natalia Suzuki ak Thiago Casteli  
Konsepsyon grafik ak dyagram: Adriana ak Claris Fukunari  
Tradiksyon: Anthony Gabriel  
Enpresyon: Rettec - 2.000 kopi  
Pwodiksyon pwogram Esklav, pa menm panse sa! pwoteje pa Atik 29 ak 46 nan Lwa No. 9,610 / 1998, ki trete de dwa otè nan Brezil.

Enfomasyon sou Asistans Sosyal nan materyel sa a te adapte a paj Sekretrite Minisipal asistans ak Devlopman nan São Paulo sou sit entènèt Mèri nan São Paulo ([prefeitura.sp.gov.br/cidade/secretarias/assistencia\\_social](http://prefeitura.sp.gov.br/cidade/secretarias/assistencia_social)) ak ti liv "Asistans Sosyal - Yon dwat pou tout", ansyen Ministe Devlopman Sosyal ak goumen kont Grangou a ([bit.ly/cartilhaMDS](http://bit.ly/cartilhaMDS)).



@escravonempensar



[escravonempensar.org.br](http://escravonempensar.org.br)





**Asistans Sosyal** la se yon politik piblik ki dedye a sipòte moun, fanmi yo ak kominote yo nan fè fas a difikilte yo, tankou mank nan revni pou satisfè bezwen bazik yo pou siviv. Li kontribye tou nan aksè a lòt sèvis piblik ak nan defans kont diskriminasyon, vyolasyon dwa ak vyolans. Pou sa, li ofri oryantasyon, akèy ak pwoteksyon sosyal a pati de rekòmandasyon a sèvis piblik yo, benefis ak pwogram sosyal.

**Nan Brezil, aksè a Asistans Sosyal la se yon dwa pou tout moun, kèlkeswa nasyonalite li oswa estati migratwa li<sup>1</sup>.**

**CRAS** ak **CREAS** (aprann plis nan paj anba yo) se inite Asistans Sosyal yo ki sèvi piblik la selon espesifisite yo ak demand yo. Itilizatè yo nan inite sa yo ka timoun, adolesan, jèn moun, granmoun aje yo, fanm, moun ki gen andikap, moun ki san kay, nan mitan lòt moun. Sèvis la ofri pa pwofesyonèl tankou travayè sosyal, sikològ, edikatè sosyal, avoka ak pedagòg.

1. Lwa sou Migrasyon (Lwa No 13.445 / 2017): Atik. 3 politik la migratwa brezilyèn la ki reji pa prensip sa yo ak direktiv: III - Aksè a sante piblik ak sèvis asistans sosyal ak sekirite sosyal, dapre kondisyon ki nan la twa a, san diskriminasyon sou baz nasyonalite ak estati migratwa.

## Ki inite Asistans Sosyal yo e kisa yo ofri?

### 1. CRAS

(Sant Referans Asistans Sosyal)

**CRAS** la se yon inite piblik etatik ki bay sèvis a popilasyon an e ki vize **anpeche sitiyasyon vilnerabilite yo** - tankou sa ki koze pa povrete ak mank aksè adekwa a sèvis piblik yo - ak **risk sosyal yo**, tankou vyolasyon, vyolans ak diskriminasyon (laj, etnisite, sèks, andikap elatriye).

**CRAS bay posibilite pou<sup>2</sup>:**

- Enskripsyon nan **Cadastro Único** pou aksè a pwogram sosyal ki bay revni (ex.: **Bolsa Familia**), rabè sou bòdwo elektrisite ak dlo, mwatye pri sou evènman atistik-kiltirèl ak espòtif, rabè oswa gratwite sou tikè ant eta ak entèurbèn, egzanspsyon taks pou konkou yo, nan mitan lòt.
- Aksè a benefis ki ofri alimantasyon pa mwayen panyen manje.
- Oryantasyon pou jwenn dokiman (CPF, CRNM ak Kat Travay).
- Aksè a Sèvis Viv ansanm ak Ranfòsman Lyen yo (SCFV), ki devlope aktivite sosyo-edikatif (atelye pedagòjik, sèk konvèsasyon, elatriye).
- Oryantasyon ak rekòmandasyon nan sèvis piblik nan edikasyon, sante, kilti, travay, lojman, elatriye.
- Oryantasyon pou aplike pou Benefis Asistans Sosyal Kontinye (BPC), ki ofri revni bay granmoun aje yo ak moun ki gen andikap.

**Ki kote pou jwenn CRAS ki pi pre a nan São Paulo?**

**Nan minisipalite a, genyen 54 inite.**

**Aksede:** [bit.ly/CRASSP](http://bit.ly/CRASSP)

Sèvis a popilasyon an fèt, sitou, sou randevou davans nan nimewo telefòn 156.

2. Aksè a pwogram ak benefis yo depann de kèk kondisyon tankou: revni ak laj. Pou plis enfòmasyon, kontakte CRAS.



### 2. CREAS

(Sant Referans Espesyalize pou Asistans Sosyal)

**CREAS** la se yon inite piblik etatik ki ofri sipò ak oryantasyon pou **moun ak fanmi nan sitiyasyon risk pèsònèl ak sosyal**, tankou sa yo akòz menas, abi, vyolans fizik, sikolojik ak seksyèl, abandon, sanzabri, diskriminasyon pou kòz oryantasyon seksyèl, ras oswa etnisite. Moun ki te soufri **vyolasyon dwa yo**, tankou travay esklav oswa travay timoun, yo resevwa yo tou nan ekipman an.

Konsa, sèvis yo ofri nan CREAS yo kontribye pou simonte eksperyans sa yo a pati de restitasyon dwa bazik itilizatè yo ak rekonstrisyon relasyon famiyal ak kominotè frajilize yo.

**CREAS la bay posibilite pou:**

- Denonsyasyon vyolasyon dwa ak vyolans.
- Aksè a oryantasyon jiridik ak sikolojik.
- Aksè a sèvis akèy.
- Oryantasyon pou jwenn dokiman (CPF, CRNM ak Kat Travay).
- Oryantasyon ak rekòmandasyon nan sèvis piblik nan edikasyon, sante, kilti, travay, lojman, elatriye.

**Ki kote ou ka jwenn CREAS ki pi pre a nan São Paulo?**

**Nan minisipalite a, gen 30 inite.**

**Aksede:** [bit.ly/CREASSP](http://bit.ly/CREASSP)

Sèvis a popilasyon an ka fèt pa demann espontane (volonte pwòp), rekòmandasyon nan CRAS oswa lòt sèvis asistans sosyal yo, ak lòt òga'n pouvwa piblik la.

### 3. Centro POP

(Sant Referans espesyalize pou moun ki san kay)

**Sant POP** la se yon inite piblik ki vize sèvis espesyalize **moun ak fanmi nan lari yo**. Sant POP ofri asistans endividyèl, rekòmandasyon a sèvis akèy, oryantasyon pou enskripsyon nan **Cadastro Único** pou aksè a pwogram sosyal ak rekòmandasyon a sèvis piblik nan lòt zòn yo.

**Sant POP bay posibilite pou:**

- Espas pou gade zafè ou.
- Espas pou ijyèn pèsònèl.
- Aksè a alimantasyon.
- Aksè a sèvis akèy.
- Adrès domisil referans.
- Oryantasyon pou jwenn dokiman (CPF, CRNM ak Kat Travay).
- Oryantasyon ak rekòmandasyon nan sèvis piblik nan edikasyon, sante, kilti, travay, lojman, elatriye.

**Ki kote pou jwenn sant POP ki pi pre a nan São Paulo?**

**Nan minisipalite a, gen 6 inite.**

**Aksede:** [bit.ly/CENTROPOPSP](http://bit.ly/CENTROPOPSP)

Sèvis a popilasyon an ka fèt pa demann espontane (volonte pwòp), rekòmandasyon nan CRAS oswa lòt sèvis asistans sosyal yo, ak lòt òga'n pouvwa piblik la.

### 4. Sant akèy pou imigran

(Centros de acolhida para imigrantes)

Minisipalite São Paulo a gen yon rezoabri ki espesyalize nan resevwa imigran ki nan sitiyasyon vilnerabilite. Yo fòksyone kòmabri tanporè epi sèvi pou sipòte itilizatè yo nan rekonstrisyon ak nan reprann otonomi yo pou yon lavi endepandan. Abri yo ka òganize pa laj ak / oswa sèks. Pou jwenn aksè aabri yo, itilizatè a dwe mande yon plas nan CREAS oswa Sant POP ki pi pre a oswa chèche asistans pa telefòn rele 156.

3. Orè fonksyonman CREAS ak Sant POP yo: soti 8è am rive 6è pm, de lendi a vandredi.